**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАРАН А, IИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО**
ТIЕТОЬХНАЧУ КОРМАТАЛЛИН ДЕШАРАН
ПАЧХЬАЛКХАН БЮДЖЕТАН УЧРЕЖДЕНИ
«НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАР КХИОРАН ИНСТИТУТ»

**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАРАН А, IИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО**
ПАЧХЬАЛКХАН КАЗЕННИ УЧРЕЖДЕНИ
«НОХЧИЙН МЕТТАН ИНСТИТУТ»

# Коьртачу ишколан 5–8 классашна лерина «ЙЕШАР» проект кхочушйаран нохчийн меттан, литературин хьехархочун белхан алгоритм

**Соьлжа-ГIала**
**2024**

**Iалашо:**
5–8 классийн дешархойн нохчийн меттан, литературин хаарш (дешаран ардамаш) кхиоран кепаш кхачаме йалор:
*– дешнаш, предложенеш, шайн барамца 90 дашал кIезиг а, 100 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан (5-чу классийн дешархошна);*
*– дешнаш, предложенеш, шайн барамца 100 дашал кIезиг а, 110 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан (6-чу классийн дешархошна);*
*– дешнаш, предложенеш, шайн барамца 110 дашал кIезиг а, 120 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан (7-чу классийн дешархошна);*
*– дешнаш, предложенеш, шайн барамца 120 дашал кIезиг а, 140 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан (8-чу классийн дешархошна);*
*– йеллачу темина йешначу текстан буха тIехь, произведенин чулацамца догIуш, 5–8 предложенел кIезиг доцу йозанан аларш хIитто (5–6 классийн дешархошна);*
*– йеллачу темина йешначу текстан буха тIехь, произведенин чулацамца догIуш, 8–10 предложенел кIезиг доцу йозанан аларш хIитто (7–8 классийн дешархошна).*

**Нохчийн меттан, литературин хьехархочун болх кхочушбарехь рекомендацеш**

**1. Нохчийн меттан, литературин тIетоьхна белхаш кхочушбархьама дешархошкахь хила деза хIокху барамехь тетрадаш:**

| № | Предмет | 5–8 классаш |
|---|---|---|
| 1 | Нохчийн мотт | 1 тетрадь |
| 2 | Нохчийн литература | 1 тетрадь |

Дешархоша пайдаоьцу 12–18 кехатах лаьттачу шуьйра могIанаш долчу стандартни тетрадех.
Предметан тетрадь цIена лело деза. Цуьнан мужалта тIехь хила дезачу йозанан кеп:

Соьлжа-ГIалин № 5 йолчу гимназин
7 А классан дешархочун
Эскиева Асетан
нохчийн меттан
тIетоьхначу белхийн тетрадь

---

Комсомольскера йуккъерчу ишколан
6 В классан дешархочун
Адамов Аюбан
нохчийн литературин
тIетоьхначу белхийн тетрадь

**2. Нохчийн меттан тІетоьхна белхаш вовшахтохар кхочушдо кІиранах цкъа.**

КІиранан хьалхарчу урокехь 5-чу классийн дешархошна шен барамца 90 дашал кІезиг а, 100 дашал сов а йоцу текст ло цІахь схьайазйан. 6-чу классийн дешархошна шен барамца 100 дашал кІезиг а, 110 дашал сов а йоцу текст ло цІахь схьайазйан. 7-чу классийн дешархошна шен барамца 110 дашал кІезиг а, 120 дашал сов а йоцу текст ло цІахь схьайазйан. 8-чу классийн дешархошна шен барамца 120 дашал кІезиг а, 140 дашал сов а йоцу текст ло цІахь схьайазйан.

Цу дийнахь дешархошна нохчийн меттан урокехь цІахь кхочушбан цхьаннал сов йозанан болх ца ло, оьшуш хилахь Іамийнчу темина тІетоьхна цІера болх бала йиш йу барта кхочушбан: бакъо Іамо, и. д. кх. а. ТІейогІучу дешаран урокехь дешархоша болх кхочушбина а, таллам бан дІабелла а хила беза. Хьехархочо дешархойн белхаш толлу. Маххадоран критерешца йогІуш, тетрадаш тІе оценкаш хІиттайо. ТІедогІучу кІиранахь тетрадаш дешархошка дІало керла болх кхочушбайта.

**Билгалдаккхар.** *Кечйинчу кепа тІера схьайаздар – тІера схьайазйан луш йолу текст, элпаш йукъахдитина доцуш, тІетоьхна тІедаххарш доцуш хила йеза; оцу белхан Іалашо йу, гІалаташ а, талхорш а доцуш, текст нийса схьайазйар.*

***Схьайаздаран йаццйина алгоритм.***

*1. ДІайеша предложени, иза йуха дагахь схьайийца.*

*2. ДІайеша предложени кхин цкъа а, иза йазйина ма-йарра.*

*3. Предложени дІайазйеш, хІора дош деша хьайна дагахь ма-латтара.*

*4. Йазйинарг талла. ХІора дош деша. Текст схьайелла, йазйинарг текстаца йуста.*

**3. Нохчийн литературин тІетоьхна белхаш вовшахтохар кхочушдо кІиранах цкъа.**

КІиранан шолгІачу урокехь 5–6-чуй классийн дешархошна цІахь кхочушбан безачу йозанан белхан тІедиллар ло билгалйаьккхинчу темина йешначу текстан буха тІехь йозанан алар хІотто. Алар 5–8 предложенел кІезиг доцуш хила деза.

7–8-чуй классийн дешархошна цІахь кхочушбан безачу йозанан белхан тІедиллар ло билгалйаьккхинчу темина йешначу текстан буха тІехь йозанан алар хІотто, 7–8-чуй классашкахь алар 8–10 предложенел кІезиг доцуш хила деза.

Цу дийнахь дешархошна нохчийн литературин урокехь цІахь кхочушбан цхьаннал сов йозанан болх ца ло, оьшуш хилахь Іамийнчу темина тІетоьхна цІера болх бала йиш йу барта кхочушбан: произведени къастош йешар, чулацам схьабийца кечамбар, и. д. кх. а. ТІейогІучу литературин урокана дешархоша болх кхочушбина а, таллам бан дІабала кийча а хила беза. Хьехархочо дешархойн белхаш толлу. Маххадоран критерешца йогІуш, тетрадаш тІе оценкаш хІиттайо. ТІейогІучу литературин урокехь тетрадаш дешархошка дІало керла болх кхочушбайта.

**4. Нохчийн меттан белхан маххадоран критереш**

| № | Класс | Толлу хаарш | Маххадоран критереш |
|---|---|---|---|
| 1 | 5 | Дешнаш, предложенеш, шайн барамца 90 дашал кIезиг а, 100 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан | **Белхан мах хадабо цхьана оценкица**<br>**Оценка «5»** хIоттайо цхьа а гIалат доцчу балхана, ткъа иштта цу тIехь 1 доккха доцу орфографически йа 1 доккха доцу пунктуационни гIалат далийтинехь.<br><br>**Оценка «4»** хIоттайо 2 орфографически а, 2 пунктуационни а гIалат далийтинехь, йа 1 орфографически, 3 пунктуационни гIалат йа, цхьа а орфографически гIалат доцуш, 4 пунктуационни гIалат далийтинехь.<br>Оценка «4» хIотто йиш йу 3 орфографически гIалат далийтинехь, нагахь царна йукъахь цхьана бакъонна гIалаташ делахь.<br><br>**Оценка «3»** хIоттайо 3–5 орфографически а, 4 пунктуационни а гIалат далийтинчу балхана. Оценка «3» иштта хIотто йиш йу 6 орфографически а, 6 пунктуационни а гIалат далийтинехь, нагахь царна а, вукхарна а йукъахь доккха доцу а, цхьана бакъонна а гIалаташ делахь.<br><br>**Оценка «2»** хIоттайо, нагахь балха тIехь гIалаташ оценка **«3»** хIотторан барамал сов делахь |
| 2 | 6 | Дешнаш, предложенеш, шайн барамца 90 дашал кIезиг а, 100 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан | **Белхан мах хадабо цхьана оценкица**<br>**Оценка «5»** хIоттайо цхьа а гIалат доцчу балхана, ткъа иштта цу тIехь 1 доккха доцу орфографически йа 1 доккха доцу пунктуационни гIалат далийтинехь.<br><br>**Оценка «4»** хIоттайо 2 орфографически а, 2 пунктуационни а гIалат далийтинехь, йа 1 орфографически, 3 пунктуационни гIалат йа, цхьа а орфографически гIалат доцуш, 4 пунктуационни гIалат далийтинехь.<br>Оценка «4» хIотто йиш йу 3 орфографически гIалат далийтинехь, нагахь царна йукъахь цхьана бакъонна гIалаташ делахь |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | **Оценка «3»** хIоттайо 3–5 орфографически а, 4 пунктуационни а гIалат далийтинчу балхана. Оценка «3» иштта хIотто йиш йу 6 орфографически а, 6 пунктуационни а гIалат далийтинехь, нагахь царна а, вукхарна а йукъахь доккха доцу а, цхьана бакъонна а гIалаташ делахь.<br><br>**Оценка «2»** хIоттайо, нагахь балха тIехь гIалаташ оценка **«3»** хIотторан барамал сов делахь |
| **3** | **7** | Дешнаш, предложенеш, шайн барамца 100 дашал кIезиг а, 110 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан | **Белхан мах хадабо цхьана оценкица**<br>**Оценка «5»** хIоттайо цхьа а гIалат доцчу балхана, ткъа иштта цу тIехь 1 доккха доцу орфографически йа 1 доккха доцу пунктуационни гIалат далийтинехь.<br><br>**Оценка «4»** хIоттайо 2 орфографически а, 2 пунктуационни а гIалат далийтинехь, йа 1 орфографически, 3 пунктуационни гIалат йа, цхьа а орфографически гIалат доцуш, 4 пунктуационни гIалат далийтинехь. Оценка «4» хIотто йиш йу 3 орфографически гIалат далийтинехь, нагахь царна йукъахь цхьана бакъонна гIалаташ делахь.<br><br>**Оценка «3»** хIоттайо 3–5 орфографически а, 4 пунктуационни а гIалат далийтинчу балхана. Оценка «3» иштта хIотто йиш йу 6 орфографически а, 6 пунктуационни а гIалат далийтинехь, нагахь царна а, вукхарна а йукъахь доккха доцу а, цхьана бакъонна а гIалаташ делахь.<br><br>**Оценка «2»** хIоттайо, нагахь балха тIехь гIалаташ оценка **«3»** хIотторан барамал сов делахь |
| **4** | **8** | Дешнаш, предложенеш, шайн барамца 120 дашал кIезиг а, 140 дашал сов а йоцу тексташ нийса схьайазйан. | **Белхан мах хадабо цхьана оценкица**<br>**Оценка «5»** хIоттайо цхьа а гIалат доцчу балхана, ткъа иштта цу тIехь 1 доккха доцу орфографически йа 1 доккха доцу пунктуационни гIалат далийтинехь.<br><br>**Оценка «4»** хIоттайо 2 орфографически а, 2 пунктуационни а гIалат далийтинехь, йа 1 орфографически, 3 пунктуационни гIалат йа, цхьа а орфографически гIалат доцуш, |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | 4 пунктуационни гIалат далийтинехь.<br>Оценка «4» хIотто йиш йу 3 орфографически гIалат далийтинехь, нагахь царна йукъахь цхьана бакъонна гIалаташ делахь.<br><br>**Оценка «3»** хIоттайо 3–5 орфографически а, 4 пунктуационни а гIалат далийтинчу балхана. Оценка «3» иштта хIотто йиш йу 6 орфографически а, 6 пунктуационни а гIалат далийтинехь, нагахь царна а, вукхарна а йукъахь доккха доцу а, цхьана бакъонна а гIалаташ делахь.<br><br>**Оценка «2»** хIоттайо, нагахь балха тIехь гIалаташ оценка **«3»** хIотторан барамал сов делахь |

**5. Нохчийн литературин маххадоран критереш**

| № | **Класс** | **Толлу хаарш** | **Маххадоран критереш** |
|---|---|---|---|
| 1 | 5-6 | Билгалйаьккхинчу темина йешначу текстан буха тIехь, произведенин чулацамца догIуш, 5–8 предложенел кIезиг доцу йозанан алар хIотто | **1. Алар темица догIуш хилар, тема схьайеллар**<br>**2 б.** – алар темица догIуш ду, нийса жамIаш чулоцу.<br>**1 б.** – алар темица йукъ-кара догIуш ду/тема йукъ-кара схьайиллина.<br>**0 б**. – алар темица догIуш дац.<br>**2. МаьIнин цхьаалла.**<br>**1 б**. – алар маьIнин цхьааллица къаьсташ ду.<br>**0 б. –** аларехь маьIнин цхьаалла йац, алар шеца маьIна долуш дац.<br>**3. Къамелан говзалла а, нийса хилар а.**<br>**2 б. –** алар къамелан говзаллин а, меттан гIирсаш нийса харжаран а лехамашца догIуш ду, къамелан гIалаташ дац.<br>**1. б. –** алар къамелан говзаллин лехамашца догIуш ду, амма къамелан гIалат йа меттан гIирсаш харжарехь доккха доцу кхачамбацар далийтина.<br>**0 б. –** алар дешнийн хьал къен хиларца къаьсташ ду, къамелан гIалаташ далийтина.<br>**Лаккхара балл – 5 балл**<br>*Белхан маххадорехь тидаме эца беза аларан барам, нагахь барам хила безачул лахара белахь, йаьхначу баллаш тIера цхьа балл дIайоккху* |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **2** | **7-8** | Билгалйаьккхинчу темина йешначу текстан буха тІехь, произведенин чулацамца догІуш, лаххара а 8–10 предложенел кІезиг доцу йозанан алар хІотто | **1. Алар темица догІуш хилар, тема схьайеллар**<br>**2 б.** – алар темица догІуш ду, нийса жамІаш чулоцу.<br>**1 б.** – алар темица йукъ-кара догІуш ду/тема йукъ-кара схьайиллина.<br>**0 б**. – алар темица догІуш дац.<br>**2. МаьІнин цхьаалла.**<br>**1 б**. – алар маьІнин цхьааллица къаьсташ ду.<br>**0 б. –** аларехь маьІнин цхьаалла йац, алар шеца маьІна долуш дац.<br>**3. Къамелан говзалла а, нийса хилар а.**<br>**2 б. –** алар къамелан говзаллин а, меттан гІирсаш нийса харжаран а лехамашца догІуш ду, къамелан гІалаташ дац.<br>**1. б. –** алар къамелан говзаллин лехамашца догІуш ду, амма къамелан гІалат йа меттан гІирсаш харжарехь доккха доцу кхачамбацар далийтина.<br>**0 б. –** алар дешнийн хьал къен хиларца къаьсташ ду, къамелан гІалаташ далийтина.<br>**Лаккхара балл – 5 балл**<br>*Белхан маххадорехь тидаме эца беза аларан барам, нагахь барам хила безачул лахара белахь, йаьхначу баллаш тІера цхьа балл дІайоккху* |

**Баллаш пхеабаллан тІегІане йахар**

| Баллийн барам | Оценка |
|---|---|
| 5 б. | 5 |
| 4 б. | 4 |
| 3 б. | 3 |
| 0–2 б. | 2 |

Четверть йа триместр чекхйолуш, тетрадаш тІе хІиттийна оценкаш вовшахтухий, йуккъера балл билгалйоккху. Иза журнал тІехь четвертан йа триместран оценкина хьалха йолчу колонки чу дІахІоттайо.

## Йуххедиллар 1

Массо а дешархочунна цIахь схьайазйан луш йерг цхьа текст йу.

## ТЕКСТАШ
### 5 КЛАСС

**1. Схьайазйе текст.**

Мархаш йу стиглахь бодане лаьтташ. Кхин гуш дац бIаьстенан олхазарш. Сингаттаме йека дитта тIехь къиг. Гуьйренан шийла мох хьоькху. Гергакхочуш ду оьгIазе, амма хаза Iа.

Эххар а охьадилли доккха, бамба санна, кIайн ло. Цо дерриг а латта дIахьулди. Дитташ а, цIенош а кечдели, кIайн куйнаш техкина. Шелоно а шен болх дIаболий. Цо кегийчу а, даккхийчу а хишна тIеш тохку, дитташ, кораш кечдо исбаьхьчу суьрташца. Махо дIакхехьначу лайх хилла баьрзнаш лаьтта гобаьккхина.

Iаьн тIехь дуккха а бу йуьртарчу бахархойн белхаш. Ткъа бераш а ца Iа мукъа. Цара олхазаршна йуург таса меттигаш кечйо.

**2. Схьайазйе текст.**

Со Орган тIе чIерий леца оьхура. Орга Iаламат чехка хи ду. Цуьнан цхьайолу меттигаш мелла а кIорга а, тийна а карайо. Уьш чIерийлецархочунна мIара богIа тамехь йу.

Дика меттиг карийра суна цхьана дийнахь. МIера тIе нIаьна а боьллина, хи чу тесира ас иза. Дукха хан йалале сан мIара дIасахьебан болийра. Ас хьалатоьхча, чIара бара цунна тIехь.

Жима айма йира ас сайна. Цу чу хийцира айса лаьцна чIара.

Цу дийнахь кхин а лийцира ас чIерий. Уьш а айми чу хийцира.

Дика меттиг хиллера суна карийнарг. Цул тIаьхьа сой, сан ваший кест-кеста воьдура цига.

**3. Схьайазйе текст.**

Iалам! И дош доца делахь а, шен чулацам кIорггера болуш ду. Адамийн а, дийнатийн а, бецийн а, хьаннийн а дахар Iаламах хаьдда хила йиш йолуш дац. Лаьттахь долу дахар Iаламах дозуш, Iаламо латтош а ду. Шен къайленах дуьззана, массо а хенахь шен хаза мур болуш ду Iалам.

Самукъане, хаза бIаьсте чекхйаьлла йолуш лаьттара. ТIейогIуш йара беркате, йовха аьхке. Иза адамашна уггаре а каде мур бу.

Массо а акхарой, олхазарш, шайн бIаьста дуьненчу йевлла кIорнеш кхиош, Iалашйеш, уьш когайохуьйтуш, синтем боцуш лелара. БIаьста санна, эшарш лоькхуш, ловзуш лела йиш йацара церан.

**4. Схьайазйе текст.**

Органан шоралла тIехула долчу сераш тIехь кIац йацара. Цхьана сера тIе йеана чIегIаг хиира. Жимма цу тIехь а Iийна, йуха хьала а гIаьттина, дIайахара иза. Амма дукха хан йалале, шеца кхо-йиъ чIегIаг а йолуш, йухайеара. ЧIегIагаш моггIара сераш тIе охьахевшира.

Дукха хан йалале схьагулделира тайп-тайпана олхазарш. Цара дIалецира серийн кхо га.

Сераш тIе олхазарш гулдаларан а шен бахьана дара.

Буьйса а, Iуьйре а шийла хилча, Органан хи хIаваал мела хуьлу. Цу тIера Iаь гIуьтту. Цо Орган тIехула долу хIаваъ малдо, цундела сераш тIехь кIац ца соцу. «Хьекъал» долуш йолчу чIегIагашна иза хаа а хиъна, цара даькккхинера и орца.

**5. Схьайазйе текст.**

Iаьнан шийла зама. Ша хьаькхначу арахь когаш шершара. ГIийлачу боларца хи дохьуш йогIура цхьа йоккха зуда. Гу тIе хьалайолуш, галйелира иза. Когаш шершаш саца а ца йелла, охьакхийтира зуда. И гира ша тIехь ловзуш волчу Iумарний, Мохьмадний. Iумар велавелира. Цунна оьгIазваханчу Мохьмада бехк баькккхира. ТIаккха цо, чехка тIе а ведда, зудчунна хьалагIатта гIо дира. Ведарш йуха дуза а дуьзна, уьш цIа а даьхьира. Зудчо доккха баркалла элира кIантана.

ШолгIачу дийнахь хьехархочо дикачу амалех лаьцна къамел дира берашка. Йерриг класс дIатийнера. Хьехархочо дийцира Мохьмада селхана зудчунна гIо дарх лаьцна. Цу зудчо кехат даийтина хиллера цуьнга.

**6. Схьайазйе текст.**

Хаза лаьттина йовха аьхке чекхйолуш йара. Аьхке чекхйаларх-м Iалам а, адам а саготта дацара. ТIекхочуш берг токхе мур бара – гуьйре! Уггар хьалха гуьйре тIекхочуш хилар хаийтира мангалхоша. Iуьйранна ахь ладоьгIча, хезаш хуьлура нуьйжи тIехь жIаьвнаца цара тусуш долчу мангалийн татанаш.

Гуьйре йола цхьа кIира хьалха тохайелира кертарчу дозанехь йолу балгаш зазадаккха. Уьш жим-жима йеллалуш лаьттара.

Билггал гуьйре тIекхочуш хилар гойтуш, аьхкенан тIаьххьарчу деношкахь стиглара схьа некъан узамца хаам бира гIаргIулеша. Уьш, кхо са болчу могIанца жут нисйина, къилбехьа довхачу мехкашка Iа даккха йоьлхуш йара.

Кест-кеста дуькъа дохк хIуттура, дерзаш а догIура.

## 6 КЛАСС

**1. Схьайазйе текст.**

ОьгІазе шок йетташ, къилбаседехьара схьахьекхна шийла мох эцна, дІадахара буьрса Іа. Дешна, хи а хилла, дІаделира лаьмнашца Іиллина ло. Шийлачу, безачу мохьах паргІатдаьлла Іалам, сийна духар духуш, кечделла дІахІоьттира.

БІаьстенан бовхачу малха кІел мелачу махо тулгІенашца теххкайора сийначу дитташий, бес-бесарчу зезагаший къарзйина раьгІнаш. Мотталора, самадевлла зезагаш, шайн дІасатеххкарца вовшашка кортош лестош, вовшийн хьоьстуш, къамеле девлла. Оцу хазачу Іаламе хьажа а, цунах марзо эца а гІерташ санна, гуобаьккхина дашо зІаьнарш а йаржийна хьоьжу малх эсала белакъежара. И исбаьхьа Іалам, и хаза бІаьсте декъалйеш, цуьнга маршалла хоьттуш санна, шабарш деш, самукъане эшарш лоькхуш, шакарш йетташ хьаннашкахь декачу олхазарийн зевнечу аьзнаша дуьзнера ламанан цІена хІаваъ.

**2. Схьайазйе текст.**

Аьхкенан цхьана довхачу дийнахь, бабас бийцина ирсан тІулг лаха даха дагадеара берашна. Даша ца дайта, хечин когаш хьала а карчийна, когаш Іуьйра волу кхо кІант лаьмнашкахьа хьалавахара.

Оцу дийнахь хи чуьра дукха тІулгаш лехьийра бераша. Седа санна хьаьъначу хи чохь уьш дерриш а, жовхІарш санна, лепара. ЦІен, можа, сийна, баьццара, кІайн, Іаьржа долуш, зезагаш санна, хаза дара уьш дерриш а, амма ирсан тІулг царах муьлха бу, царна ца хаьара. ЧІерий лоьцуш, ловзуш, луьйчуш, самукъадаьлла лелла, сарахь цІа кхечира бераш.

ХІетахь дуьйна хийла шераш дІадевлла. Ирсан тІулг ца карийра Микина а, цуьнан жималлин доттагІашна а. ХІинца-м хаьа Микина ирсан тІулг каро атта доцийла а, иза хин бердашца лиэха ца безийла а.

**3. Схьайазйе текст.**

Акха цицигаш дуьххьара суна девзира Казахстанехь. Цигахь дерш а, вайн махкахь дерш а вовшех башха дукха къаьсташ дац. Уьш мелла а овкъаран бос болуш, ул-уллехь Іаьржо бос болу моханаш йолуш ду. Уьш вайн махкахь долчу цицигел мелла а кегий ду.

Цхьана дийнахь со акхачу цициган кІорнешна тІенисвелира. Царах самукъадаьлла, хьоьжуш лаьттира со. Цхьаъ сайна схьаэца куьг тІехьошшехь, мичара дели ца хууш, схьаиккхина, хьалхарчу шина коган мІарашций, цергашций сан куьйгах таса а делла, кхозаделира иза, ас сайн вукху куьйгаца озийча а, дІа ца хоьцура цо. ТІаккха ас коьртах шозза буй тоьхча, дІахийцира. Куьг вуно чІогІа лазийнера цо сан, цІий гучу а доккхуш, чкъор а хедош. Ша дехь а, шен кІорнешна тІехІуттур долуш хиллера и.

**4. Схьайазйе текст.**

Пхи шо дара сан, Іаьнна кечйинчу алах сан вашас цІе тесча. Цхьана сарахь тхойшиъ сирникех ловзуш вара, вовшашна уьш, лета а йеш, тІеттІа кхуьйсуш.

Сан ваша, сол ши шо воккхахволу, и ловзар кІорда а дина, ала тІе сирникаш кхийса хІоьттира. Аса мохь хьоькхура, саца бохуш. ЦІе эххар а марсайелира, тхойшинга дІа а ца йайъалуш.

Тхойшиъ, божалан тхов тІе а ваьлла, дІалечкъира, хьерайаьллачу цІаре а хьоьжуш. Йол дукха йара, арц санна, ирх а йахана, рагІу санна, йехха йоьттина. Маьхьарий дара тхойшинна хезаш, тхан да а, девежарий а, лулахой а болуш йукъахь. Тхан дас мохь беттара, йол йитий, ши кІант схьалаха бохуш. Со воьлхуш а хезна, дас тхов тІера охьаваьккхира тхойшиъ.

**5. Схьайазйе текст.**

Хьажмурд шен шийтта шо кхочучу хенахь дегІана эгІаза, амма вуно тІах-аьлла а, хьуьнар долуш а кІант вара. Жима велахь а, чохь а, кертахь а, ишколехь а дечу гІуллакхана тІера вара иза. Шен хене а, дегІан ницкъе а хьаьжжана, тІедиллина гІуллакх, мало а ца йеш, дика кхочушдора цо. Цуьнга балун болчу балха тІера йухаийзош, кхоа ца вора иза дас.

Ишколехь къинхьегаман урокаш доккхачу хьуьнарца, кхиамца кхочушйора Хьажмурда. Ишколан куьйгалхоша, Сийлаллин грамота а луш, къастош билгалваьккхира иза. КІант дика кхиорна цуьнан дений, нанний баркалла а элира.

Урокашкахь дика ладугІуш а, кхета гІерташ а хиларе терра, дешар дика хаьара Хьажмурдана. Девне воцуш, шайца уьйр йолуш хиларна берашна дуккхавезара иза. Даима цуьнан векхавелла хиларо а гойтура, даг тІехь мекха йоцуш, догцІена иза хилар.

**6. Схьайазйе текст.**

ЧІогІа хазачу гІутакх чохь Іашурина цхьамма совгІатна къоламаш деллера. ГІутакхан негІар тІехь диллина стелаІодан сурт дара, ворхІ тайпана бос а болуш. Іашурина къоламаш чІогІа хазахетара, цо уьш, кхоош, наггахь бен ца леладора.

Цхьана Іуьйранна къоламаш чохь долу гІутакх схьадиллира йоІа. Схьаийцира баьццара бос болу къолам. Цуьнца бецан сурт диллира. ТІаккха боьмашниг схьаийцира. Цуьнца йоьІан сурт диллира, цхьа хаза бой коьртахь а йолуш. ЦІечу къоламца цу баьццарчу арен тІехь шортта петІаматан зезагаш

дехкира. Йуха Iашурас сийначу къоламца хIорд биллира, цу тIехь Iаьржачу къоламца хIордан кеманаш а дохкуш. Можачуьнца малх биллира.

Массо а къоламах пайдаэца хиира йоIана. Лекха лаьмнаш, можа малх, сийна хIорд, баьццара аренаш, хьаннаш йара цуьнан суьрташ тIехь.

## 7 КЛАСС

**1. Схьайазйе текст.**

ЧIогIа сатеснера бераша бIаьсте йаларе. Арахь ло Iуьллура. Шелонна пепнаш лелхаш хезара буса. Амма, пана лела мархаш санна, сихо йоцуш дIаоьхура даxделла денош, беттанаш. Бекарг баттахь дуьйна наггахь гучуболура малх. Оханан баттахь ло даша доладелира. Ламанан басешкара хьаьвдда догIура зевне татолаш. Iаржделлачу лайн кескаш, лазийнчу саьрмикан меженаш санна, худалуш, текхаш, Iаннашка дIайахара. Иштта дегош, хIинцца хIоа чуьра даьлла кIорни санна, хебаш, лаьмнашкахь хIинца а Iуьллучу лай кIелара хьалагIертара ховха лайн зезагаш.

Басешкара хьаьвдда догIу бIаьстенан хиш севцича, тогIи чохь йолу хьун, чIенигаш а йаьттIа, сийна-баьццара бос эцна, къонйелла дIахIоьттира.

Баганан, базанан, докхан луьста хьун йаьллачу лаьмнашкара схьахезачу олхазарийн самукъанечу аьзнашка ладоьгIуш, Йоккхачу Бабин ирсан тIулгах долчу дийцаран ойла а йеш, терхи тIехь Iара Мика.

**2. Схьайазйе текст.**

Ша балхара мукъа волчу хенахь жIаьла цхьацца гIуллакхаш кхочушдан Iамо волавелира Асхьаб. Шега де бохучух атта кхеташ долчу жIаьлина, дукха хан йалале Iемира шега буьйр дича тIедан а, улло деана охьахаа а, дIадижа а, хьалагIатта а, такха а. Кхин а масане дара уьш, цо кхочушдеш долу гIуллакхаш. Салман шен доттагIчух дозалла дина а ца волура.

Аьхкенан заманчохь, де дохделча, гена доццуш догIучу хи тIе лийча воьдура Асхьаб, Салман а оьций. КIантана чIогIа хазахетара хи чохь. Амма цкъа а шен доттагI доцуш ца воьдура кIант цига.

Айми чу а волий, берда йистехь лаьтташ долчу Борзике шена тIекхойкхура кIанта. Ша долччуьра кхоссалой, цинцаш дIаса а кхуьйсуш, хи чу эккхара жIаьла. Иза шена улло кхоччушехь, шина а куьйга цунна хи детта волалора Салман.

**3. Схьайазйе текст.**

ТIай тIехула чекх а ваьлла, новкъа хьалавоьдуш волу со мелла а

вохвеллера. Ткъа аьтту агIор Iин чухула, хазачу мукъамехь декаш, охьаоьхура дагна хьоме Хулхуло. Когаша, цхьа ша-шаха оцу аьтту агIор дIа а верзийна, басах чувоссийра со...

Корта тIулга тIе а биллина, хина дуьхьал вирзина, вехха Iиллира со. Аьхкенан довхачу дийнахь гIеххьа малделлачу хин кегийчу тулгIеша эсала хьоьстура дегI. Меллаша хи чуьра хьала а шершина, гомхачу берда йистехь, гаьннаш а охкийна лаьттачу бIаран IиндагIе корта а буьллуш, аркъалнехьа бай тIе дIанисвелира со. ДIакхевдина сайн тIоьрмиг коьрта кIел нисбина, бIаьргаш хьабдира ас. Жимма Iийча суна, хаа а луш, наб озийра. Суна хIинца дага ца догIу, хIун гIан-набарш хьаьвзира гонаха. Малхо дегI боддина, керчина ха харца а карах ца долуш, Iуьллура со.

**4. Схьайазйе текст.**

Йерриге а гIопа чохь дукха ца йисинера шайн долахь говраш. Уьш а комиссис ца магош йисинарш йара. Царах цхьаъ тхайниг йара. Ханна йоккха хиларал совнаха, аьрру бIаьрга тIехь кIай долуш а йара Расха. Говрана Iуналла дар Iийсаний, суний тIехь дисинера. Со цIахь воцчу шина баттахь говре хьожуш хиллачу Iийсас хIинца, со цIа кхаьчна аьлла, говр башха тергал а ца йора. Шен карахдаьлча, наггахь докъаран цIов-м тосура цо, ткъа суна Расха дукхайезара.

Хьекъал долуш говр йара иза. Шега кхайкхича, тIейогIура, шега бехча, ког а кховдабора, сан керайуккъера шекар а, кампет а дIаоьцура цо. Геннара со шена гича а, терсаш, шена тIевоьхура цо со. Йа, ша йаьстина хилча, йодий суна тIе а йогIий, шен корта сан белша тIе буьллура Расхас.

**5. Схьайазйе текст.**

Iуьйранна араваьлла ахь ладоьгIча, дуьйцийла доцуш, самукъадолу. Хьуьнхара схьахезаш тайп-тайпанчу олхазарийн зевне эшарш хуьлу. Вайн хьаннашкахь эшарш хаза йолуш дуккха а олхазарш ду.

Малх схьакхетталц эшарш ца совцайо цара. Мел дукха ладегIарх кIордор доцуш, башха мукъамаш хеза. Малх схьакхетча, жимма са а даьIна, иза чубузуш, эшарийн ловзар йухадолор ду олхазарша. Сахиллалц декаш, шайн хазачу эшаршца буьйса новкъайоккху цара.

Цу олхазаршна йукъахь адамашца уггар чIогIа гергарло долуш а, къардайна а хиларца билгалдаьлла ду мокха хьоза. Кор диллина хилча, корах чудогIий а, рагIу кIелахь лаьттачу пхьегIаш чу хьожий а, шена амал бо цо. Цу олхазаро деш дерг доккха зен дац, цо бечу пайдане хьаьжча. Стоьмаш тIехь хуьлуш долу зуламе нIаьний даош кIорнеш кхабарна, Iалашдан деза и башха

олхазар.

**6. Схьайазйе текст.**

Тхан куьпахь вовшахкхетий, даима ловзуш хуьлура бераш. Цхьацца дуьйцуш, наггахь къийсамаш хуьлура церан. Ша-ша бакъ хеташ, къийсам кӀаргбелча, Гоцига хоттура бераша.

Бакъверг а, харцверг а къастош, Гоцис аьллачун тӀехь къийсам чекхболура. Бераш тешара цо аьллачух. Цунах тамаш бойла а дацара, хӀунда аьлча массарна а иза билгалваьллера бакълуьйш хиларца.

Цхьана дийнахь ловзуш дохкучу берашна тӀе а веана, уьш чехадора воккхачу стага ИбрахӀима, цара шен куьзганан бӀаьрг бохийна бохуш. Гоцис шена тӀелецира бехк.

– Ахьа бохийнехь, хӀумма а дац. Хьайна хууш дийр дац ахьа и санна дерг, – аьлла, дӀавахара воккха стаг.

Бераш цец а девлла лаьттара, цо и бехк шена тӀелацарх тамаш беш. Куьзганан бӀаьрг, бераш ловзуш ца хууш буьрка а кхетта, боьхнера. Гоцис даре ца динехь, бехк хьенан бу, хуур а дацара.

## 8 КЛАСС

**1. Схьайазйе текст.**

Бешахь болх бина а ваьлла, цӀехьа вогӀура Тавсолта. СхьавогӀуш гонахарчу Ӏаламе кест-кеста бӀаьрг тухура цо. Цунна йезара ша вина хӀара йурт а, шайн дахаран даима теш хилла лаьтта гонахара и лаьмнаш а. Эскиной йоцчохь, вахар-вар доцург, бутт а ца баьккхинера Тавсолтас.

Чувахале, ша вогӀучу новкъара схьа а вирзина, ЦӀен-Бердехьа вахара иза; схьахезира масачу Яссин гӀовгӀа. Гучуйелира маьӀ-маьӀера бацо сенйина лекхачу бердан цӀен тарх. Бердан йистте дӀахӀоьттира Тавсолта. ТулгӀеша аьгна хин йист лахара кегийра чукерчара, амма берд тешаме бара. Цу ЦӀен-Бердехь, Ясси-хин йистехь, дӀайаханера кхуьнан жималла. ХӀетахь, дукха зама хьалха, бердах киртигаш йохуш баьккхинчу новкъа хитӀа йогӀура кхунна йезайелла къона Нурбика. Ма товш хуьлура и, гуьлмаьнда а тиллина, кӀудал а белша тӀехь хийистехь лаьтташ, цӀечу пошмакхан буьхьиг байн лаьттах а хьоьккхуш!

**2. Схьайазйе текст.**

Бес-бесара ойланаш туьйсу тIулгаша коьрте а, даг чу а...

Халкъо олу: «Хи дIадоьду, тIулгаш дуьсу». Иза доккха маьIна долуш хIума ду. ТогIи чухула охьадогIучу шовданан хи дац дуьйцург, дерриге а совнаха дерг, дош доцуш довш дерг ду. ТIулгаш дац дуьйцуш дерш, тогIешкахь Iохку. Дерриге а бакъдерг, сийлахь дерг, стагах къонаха веш дерг ду.

Кху тIехь аса вовшахдетта гулдина тIулгаш – уьш историн агIонаш, доьналле адамаш, халкъийн уьйраш йу! И тайпа тIулгаш вовшахтоьхча, царах хуьлу шатайпа бIов! Вайн тахaналерчу дахаран бIов! ХIора къонахчун кхетаман бIов! И тайпа бIов йутту тIулгаш ахчанах эцалуш дац. Уьш гуллуш ду хьанал некъ буьллучу хIора стеган кхетамехь. И тайпа тIулгаш алсам гулдаларе терра йу хIора стеган син бIаьвнан локхалла, хазалла, ондалла!

Стенах йутту вай вешан дийцаран бIов? Иза Iаламат исбаьхьа хир йу, массо хIуман тIехь нийса йуттур йу ала-м хаац. Цуьнан нийсалла, ондалла замано зуьйр йу.

**3. Схьайазйе текст.**

Дингад – иза дехо дуткъа дегI а долуш, дехках тера жима экха ду. Луьста ира цергаш йу цуьнан. Кегийра кхоьлина бIаьргаш ду. Цунах нохчаша «цIецайоккхург» олу. «Дингад» аьлла цуьнан цIе йаькkхича, иза кертара дIайоьду олуш ду. Иза кертахь хилар пайдехьа хета адамашна, хIунда аьлча цо мукдехкий а, дехкий а хIаллакдо.

Дингадан садоIуш хан йан а йац. Буса а, дийнахь а толлу цо дехкашна. Цхьана дийнахь-бусий итт-пхийтта дахка буу цо, ша оццул жима йоллушехь. Ша йуьзча а ца Iаш, дехкий дойъу цо, шена тIаьхьало йеш. Кхин дахка ца карош ша мацйелча, йухайогIу иза, ша тIаьхьалонна дитина дехкий даа. Хаддаза уьдуш леларо мацйо иза, цундела сих-сиха дуу цо пхьор.

И жима экха керта кхаьчначу меттехь дехкийн хIу дов. Цхьанхьара ша уьш хIаллакдича, кхечахьа дехкий лаха дIадоьду и. Иштта тамашийна экха ду-кх дингад!

**4. Схьайазйе текст.**

Колхозо йуьртана гена йоцуш, тогIи чу хи а хецна, бедийн ферма йиллира. Хи тIехь луьйчуш а, йистошца йежаш а хьалакхиира бедан кIорнеш. Ши эзар сов йара уьш.

Бедаш Iалашйан тIейиллина кхоъ белхало йара. Цара шен хенахь хIоъ а тосура бедашна, бIаьргъIуналла а дора. Буьйсанна бедаш чуйерзо бIаьлланган серий а дуцуш, эрз тIе а тухуш, йина баннаш йара. Сарахь оцу баннаш чу лоххура и бедаш белхалоша.

Iомана гонаха луьстта коьллаш йара вовшахъйийна. И коьллаш хилар бахьана долуш, боккха аьтто бара чагIалкхийн а, цхьогалийн а йуьстахйаьлла

бад лаца. Бедаш а къахкош, даррехь тIекхетта бад лаца ца лаьара акхарошна. ХIилла ма ду цаьргахь а. И дича коьртахйевр ма йу уьш. ТIаккха хехочо тоьпан цIарца шайн цIока морцур йуйла ма хаьа царна. Цундела, кондарш кIелахь дIа а лечкъий, гIа меттах ца хьадеш, бедашна къайлаха тебара уьш.

**5. Схьайазйе текст.**

ДIайахара бераллин хаза хан, тIаьхьайисира ишкол а. Хьалхахьа лаьттара кIезиг девза, чолхе делахь а, тамашийна дахар. Оцу тIаьххьарчу дешаран шарахь охашимма дукха ойланаш йора, дахаран муьлхачу новкъа гIуо-техьа вайша бохуш. Бакъду, тхойшинна-м, хьехархо а хилла, ишколе вухаверза лаьара.

Хьехархочун болх бан кхин дIа а деша дезара. Ткъа итт класс чекхйоккхуш ткъаткъа шо хенаш а йолуш, кхин дIа а доьшуш лела воккха хиларна, хьехархочун говзалла Iамо аьтто бацара тхойшиннан. Жима волуш да-нана делла, байлахь висна шен вежаршца вехачу сан доттагIчун Анзоран хьал кхин а аьтто боцуш дара.

Аттестаташ каракхаьчначу буса тхойшинна наб ца кхийтира. Хазахетаро а, шолгIачу дийнахь дахаре дуьххьара таса йезачу гIулчо а йайъинера наб. И хьалхара гIулч тесира охашимма, тракторна тIаьхьа тийсинчу нахаршца йалтийн аренаш охуш. Иштта дIадоладелира тхойшиннан къинхьегаман дахар.

**6. Схьайазйе текст.**

Ширачу заманан тIулгаш... Бес-бесара ойланаш туьйсу цара коьрте. Амма цхьа а ца вуьту сапаргIат. Орца доху цара шайн тийналлица. ХIунда хетахь а, царна гергахь ша-ша бехке хета. Суна дукха а гина и тIулгаш лаьмнийн чIожашкахь, боьранашкахь, бердийн йистошкахь. Дуккха а ду замано макхдина и тIулгаш хIинца а бIаьвнийн, гIаланийн пенашкахь. Кхин а сов йу йоьхначу гIишлойн тIулгийн оьланаш.

Амма шу а ца хета дагна хийра, мокха тIулгаш, шога чарташ... Дайн куьг хьоькху шух, сайн дайн озачу беснех санна. Кийра Iаббош чууьйзу шун тIуналла, сайн дайн хьацарш санна. Со цхьаьна ву шуьца, атарх а, вагорх а дIакъасталур воцуш!

Тийналлехь Iохку шога тIулгаш... Сан генабевллачу дайн дегнаш дохдина, церан паргIато, сий лардина тIулгаш – безам а, мостагIалла а, йамартло а, доттагIалла а, къизалла а, къинхетам а хийла гина тешаш.

## Йуххедиллар 2.

## Йеша магийна литература

### 5-6 классаш

1) Сулаев Мохьмад «ТIехтохар».
2) Бадуев СаьIид «Кемсаш».
3) Гайсултанов Іумар «КIанталг».
4) Саракаев Хьамзат «Ширачу гIопехь».
5) Шамсудинов Бувайсар. «Жималлин суьйренаш».
6) Саидов Саид-Селим «Мажйелла кехатан цуьрг».

### 7-8 классаш

1) Мусаев Мохьмад «Таймин Бийболат».
2) Хамидов Іабдул-Хьамид «Абубешар».
3) Айдамиров Абузар «Кхолламан цхьа де».
4) Ахмадов Муса «БочIа».
5) Бексултанов Муса «Дика ду хьо волуш».
6) Хамидов Іабдул-Хьамид «Экзамен хаттар».